# MAWAAHIBUL XUDDUUS

Sëriñ Tuubaa



ÉDITIONS NOURA

# MEÑÑATUM

# MAWAAHIBUL XUDDUUS

**© Éditions Noura, 2026**
Noura Services Pédagogiques Et Numériques (NSPN)
40 rue des Essillards, 51100 Reims
www.nouraservices.fr

## Ab leeral

Noo ngi leen di nuyu tey xamle ne, Teere bii di Mawaahibul Xudduus, Sëriñ Tuubaa Xaadimu Rasuul moo ko bind. **Sëriñ Allaaji Mbàkke** Xaadimul Xadiim firi ko ci wolof ngir njariñ li ak jàngale gu am solo gi ci ne, man a yaatu bu baax.

Noo ngi key ñaanal yiiw gu sax àdduna ak allaaxira, te mu làq ci ligéeyam bii ngëramal Sëriñ Bu Mag Bi. Moom nag ci wolof gu ñu bindee ci ay arafi araba lay yaxale mbindam, ba tax na ku nuy wax **Seriñ Bàlla Faali Njaay** bindaat ko ci anam gii nuy bindee wolof, ci jamono yi, te sax moom lañuy jàngalee ci jàngukaay yi ci réew mi.

Noo ngi key ñaanal Yàlla defal ko tawfeex, guddal fanam te may ko wér, moom aji-bind ji **Sëriñ Bàlla Faali Njaay** ak ki doon topp bind mi, te mooy **Sëriñ Xaliil Mbàkke Doj.**

Su ko defe dinanu ko def ci ñaari xaaj. Benn bi dafay jëm ci li aju ci Meññeetum Téere bi, bi ci des jëm ci jàngat bob, yéene nanu ko def ci Téere bi. Yal nanu ko Yàlla yombalal !

Seex Faal Géy

**Ahuusu billaahi minas saytaanir rajiim. Bismil Laahir Rahamaanir Rahiim.**

Wasallal laahu halaa sayyidinaa Muhammadin wasallama tasliiman. Hawnaka yaa Muhiinu wa bika nastahiinu. Hasbunal Laahu wanihmal wakiilu. Allaahumma inniya ushizuka wa ushidu hamalata harsika wa malaa-ikataka wajamiiha xalxika annaka antal Laahu laa-ilaaha illaa anta wahdaka laa sariika laka wa anna Muhammadan habduhuu warasuuluhuu. Laa hawla walaa xuwwata illaa Billaahil Haliyyil Hasiim. Laa-ilaaha illal-Laahu Muhammadu Rasuulul Laah Sallal Laahu tahaalaa halayhi wa sallama. Wa Billaahi tahaalaa attawfiixu iyyaaka nahbudu wa iyyaaka nastahiinu.

Sëriñ Tuubaa XLML ginnaaw bi mu santee Yàlla sunu Boroom subhaanahuu wa tahaalaa. Julli ci Yónente bi SHWBW, daa xamle ne xam-xam mooy li gën ci lu Yàlla SW di jox ab jaam, waaye xam-xamu wéetal Yàlla sunu Boroom mooy la ca gën, lépp lu ñuy xaare bàmmeel ak yawmal xiyaam mooy la ca gën. Loolu moo tax ñenn ci jàngkat yi sàkku mu wayal leen téereb Imaamu Sannuusi RL bii mu daal di jóg fas ko yéene koo way (du ñàkk yu mu ciy dolli yoo xam ne nekkul ca téere boobu, ngir mu jariñ nit ñi rekk. )

Xam-xamu tawhiit nag, « te mooy wéetal sunu Boroom » li tax mu gën xam-xam yi mooy moom kepp boo ko xamoon dana

doy, man ngaa tàbbi àjjana it. Te beneen xam-xam bu mu doon bu ci àndul du am njariñ.

Maa ngi ñaan sunu Boroom way wii doon lu nuy musal ci sawara, te sell lool ci lépp lu koy ñaawal, te doon ab yóbbal ci bàmmeel ak bis pénc. Képp ku ko mokkal, walla nga dégg ko, xam ko, yal na sunu Boroom fegal la ay fitna ci darajay Yónente bi SHTHBW.

Na la wóor ne Yàlla sunu Boroom am na, te bi mu amee itam dara amalu ko, tukkeewut ci dara, ba ñu naa sunu Boroom dañu koo bind ci nàngam, takkuwut ci dara nekkul kuy am guddi ak bëccëg dara féetewu ko kaw walla suuf, ndax nekkul jëmm ju nuy laal ak i yoxo, lépp loo man a melal ci saw làmmiñ walla nga man koo fas ci sam xel, daray sunu Boroom niroowul ak daray loolee. Yal na nu musal ci saytaane ak ngëm gu deñ te xiirtal nu ca la mu bëgg te musal nu ca la mu bëggul ci darajay Yónente bi SHTHBW.

Su ko defee na nga xam ne lépp lu am xel di xalaat manut a génn ñatt yii : benn muy lu manut a am, walla lu manut a ñàkk, walla lu man a am man a ñàkk. Ci xelum doomu Aadama lu manut a ñàkk mi ngi mel ni jiitug sunu Boroom, lu manut a am mi ngi mel ni am ku fi jiitu ku dul sunu Boroom ci bindeef yi, li man a am man a ñàkk mi ngi mel ni faatug nit walla sos gi sunu Boroom sos bindeef yi.

War na mag mu nekk mu xam li war ci Yàlla sunu Boroom ak li jomb ci moom ak li dagan ci moom ak li war ci Yónente yi HS ak li jomb ci ñoom ak li dagan ci ñoom.

Am na ñaar fukki melo yu war ci sunu Boroom : ba ca njëkk moo di ag am ak ug jiitu ak ug des ( bu nu waxee ag des mooy koo xam ne du ñàkkati mukk ) bokk na ca wuute ak bindeef yépp, ( te mooy nekkul jëmm ju nuy làmb di ko daj walla nu koy xool di ko gis, nekkul itam di melo wuy dugg ci biir jëmm ) bokk na ca doylu ci boppam ( te mooy du jëmm bay aajewoo ku ko sos, du luy dugg ci biir jëmm, bay aajewoo jëmm ju mu dugg ) bokk na ci ag wéet ( te mooy amul kenn ku koy ñaareel ci jëmmam walla ci ay meloom walla ci ay jëfam ) bokk na ci kàttan sunu Boroom am na kàttan te mi ngi koy jëfandikoo, am na ag nammeel te mi ngi koy jëfandikoo, ndax ba laa daraa am, da koy neex mu door a am, am na xam-xam boo xam ne réerewul dara, ag lu mu tuuti tuuti, am na ag dund, (te mooy du faatu mukk) am na ag dégg lépp lépp lay dégg, am na ag gis lépp lay gis, am na ag man a wax te day wax Alxuraan ay waxam la.

Saa su nu waxee su nu Boroom am na kàttan xamal ne li nu ci namm mooy mbir moo man a xalaat sunu Boroom man na koo amal te bu koy amal ca na mu ko bëggee la koy amale, saa su nu waxee nammeelug sunu Boroom SW mooy ki mu nekk ci moom day man a amal di man a ñàkkal di man a gàttal, di man a guddal, di man a xeesal, di man a njoolal di man a indi

mbindeef, ci jamono jii walla jeneen, di man a xeetal mbindeef ci barab bii walla beneen, di man a xeetal mbindeef ci wet gii walla geneen, képp ku ñuy wax ne Yàlla la, fàww mu boole melo yii : dana doon ku am ba noppi dara du ko jiitu, mooy jiitu lépp. Te day doon ku fiy des, te du niroo ak menn mbindeef, te doon ku doylu ci boppam, di dégg, di gis di wax. Képp ku ñuy wax ne buur la fàww mu doon ku am kàttan, gu mel ni ga ma doon wax, te lu mu bëgg amal ko ca na mu ko bëggee, te day doon ku am xam-am di dund.

Képp kuy bind dara itam fàww melo yii daje ci yaw : kàttan gu mel ni ga ma doon wax, ak ug nammeel gu mel ni ga ma doon wax, ak xam-xam boo xam ne du umple dara, ba noppi di dund.

Balaa kenn a am ug mat fàww mu doon kuy dégg lépp, di gis lépp di wax. Boo seetloo xam ne melo yooyu yépp sunu Boroom SW moo ko man a melowoo.

**Su ko defee meloy sunu Boroom bu ci ne am na fu muy aju**, ag lu muy sottal, dananu ci indi juróom-benni melo ngir leeral, muy kàttanam ak ug nammeelam, ak ug déggam, ak ug gisam, ak i waxam ak xam-xamam.

Lépp lu man a am kàttanug sunu Boroom ak ug nammeelam aju na ca. Lu man a am nag ñaari xaaj la: lu man a am ba noppi am, ak lu man a am te amul. Li man a am te am man naa doon

lu wéy mel ne sunuy maam, walla lu teew mel ne nun ñii, walla luy ñëw mel ne sunuy doom yiy bëgg a am.

Li man a am te amul mi ngi mel ni yéefar bi génn àdduna manoon naa nekk ab jullit bala moo faatu te amul, naka noonu jullit bi faatu manoon naa nekk ab yéefar bala moo faatu te amul, naka noonu ku amul doom ba faatu manoon naa am doom laataa muy faatu.

Mboolem lu war walla mu dagan walla mu jomb xam-xamub sunu Boroom aju na ca ak i waxam. Lépp lu am déggug sunu boroom ak ub gisam aju na ca. Mbooleem li am lépp ñaari xaaj la, loo xam ne ag amam daa war mel ni sunu Boroom, ak loo xam ne ag amam daa dagan rekk mel ni sunu maam ya, walla mel ni sunu doom yiy bëgg a ñëw, walla nun ñii, ak lépp looy gis ci àdduna.

Bu nuy wax xam-xamub sunu Boroom, li nu ci jublu mooy am na xam-xam boo xam ne dara la dul sikki-sàkka, amul lenn lu koy ump, walla muy niru leneen ci moom lu bokkul ak la am. Su ko defee li ñuy xam nag man naa doon lu war, walla lu jomb walla lu dagan.

Bu nuy wax waxi sunu Boroom itam na la wóor ne bokkut ak li nga xam ci ay wax, ndax du am ay araf, du kawe ak a suufe, du yees ak a màggat, du am lenn ci yi nga xam ne sunuy wax dana ko am, kon li ñu ne ay waxam la danuy firil ay waxam ci ni nu ko man a déggee.

Melow dund ga nag, nanga xam ne amul ci lenn lu muy aju li muy xamle walla li ñu ciy xame mooy sunu Boroom, mi ngi dund rekk. Leeg-leeg nag nga gis loo xam ne boo ko tuddee lu ëpp ñaari melo ci meloy sunu Boroom yi dana ci aju, leeg-leeg nga gis loo xam ne boo ko tuddee ñaari melo kepp moo ciy aju, ni ma ko waxe woon.

Fi mu ne boo tuddee lu man a am te amul dangay gis ne kàttanug sunu Boroom rekk ak ug nammeelam moo cay aju, naka noonu boo tuddee lu am te ak amam war (te mooy sunu Boroom) gisug sunu Boroom ak ug déggam rekk ñoo cay aju, waaye boo tuddoon, lu am te ag amam warul mel ni mbindeef, dangay gis ne ñent yépp dana ca aju.

Ba tay boo tuddoon lu man a am te amul walla lu jomb, dangay gis ne xam - xamub sunu Boroom rekk moo ciy aju ak i waxam waaye boo tuddoon lu am moo xam lu war la walla leneen dinga gis ne déggug sunu Boroom ak ug gisam dana ca dolliku ñoom ñent ñépp ànd ca.

Boo seetloo danga gis ne xamug sunu Boroom ak i waxam moo gën a yaatu ci yi mu aju, ndax aju na ci lépp lu war, ak lu jomb ak lu dagan. Boo seetloo ba tay danga gis ne déggug sunu Boroom ak ug gisam moo gën a gàtt fu mu aju, ndax ci lu am kepp la aju, bi ci gën a digg-dóomu fu mu aju nag mooy kàttanug sunu Boroom ak ug nammeelam ndax aju na ci lépp lu man a am.

**Bu loolu jàllee nga xam ne safaani melo yi ma doon tudd yépp jomb nañu ci sunu Boroom SW** te mooy manunoo ànd ndax manut a am kàttan ba noppi di lott.

Jomb na ci sunu Boroom ñàkk  nga xam ne masut a am ) jomb na ci sunu Boroom am ba noppi di ñàkkaat, jomb na ci sunu Boroom SW yemoo ak bindeef yi ( te mooy nekkul jëmm ju nuy man a laal, nekkul itam melo wuy man a dugg ci jëmm, nekkul ci genn wet, mel ni ci kaw walla ci suuf, walla wetug nday-joor walla càmmooy, walla ci kanam walla ci ginnaaw, Déedeet ! Amul itam ag wet ni nu ko ame nekkul itam di am jamono ni nu ko amee nun, walla muy am waxtu walla muy am ay yoxo walla ay tànk, walla muy mar walla muy bëgg kem ni nuy bëggee nun walla ni nuy maree, walla mu nekk ku tuuti walla ku rëy walla muy am benn bëgg-bëgg buy dellu ci moom ci jëfam walla ay àtteem ).

Jomb na ci sunu Boroom SW muy nekk melo wuy dugg ci jëmm wall muy jëmm ju nuy laal ndax lu ci am rekk aajewoo dana am, te moom aajewoowul jëm ci kenn mbaa lenn. Jomb na ci sunu Boroom muy nekk ñaar ci jëmmam walla ay meloom walla ay jëfam, amul kenn ku ko nuru ci jëmmam, kenn warut a wax ne ñaari melo yu nuroo lañu booleel sunu Boroom déedeet ! Kenn warut a wax ne ñaari Yàlla ñoo booloo nekk di jenn, Yàlla itam amul kenn ku man lenn walla mu man a sottal lenn ku dul sunu Boroom SW, menn mbindeef manut a def dara ci boppam, ba koy def ci keneen.

Jomb na ci sunu Boroom lott ci lépp loo xam ne man naa am ci xelum doomu Aadama, jomb na ci sunu Boroom dara am te neexu ko walla muy fàtte walla dara di ko rëcc, te du ko yëg walla dara di amal dara ci bindeef yi ci jikkoy boppam, mel ni lakkeg sawara, Déedeet ! Sawara lakkewul sunu Boroom mooy lakke ndax bu sawara doon lakke ci jikkoy boppam doylu day daal di am ci moom te dara manut a doylu, ba bàyyi sunu Boroom.

Naka noonu dara manut a am amiinu yilla nga xam ne dañu naan bu lii amee fàww lee am, bu neexee sunu Boroom ak bu ko neexul "Subhaanahuu watahaalaa" du sikki sàkka, du juum, du fàtte, du xalaat, du jortu, du settantal, jomb na ci sunu Boroom dee, jomb na ci sunu Boroom tëx, jomb na ci sunu Boroom gumba, jomb na ci sunu Boroom " Subhanahuu watahaala " tëlee wax,

**Li nga xam ne man naa am man naa ñàkk ci sunu Boroom SHWT** mooy amal mbindeef, ak ñàkkal ko, te lépp lu dul moom bindeef la, lépp daa dagan ci moom, yónni gi mu yónni yónente yi, ak waral gi mu waral ñu gëm ko ak araamal gi mu araamal ñu weddi ko, ak fay gi muy fay jullit ñi ak mbugal gi muy mbugal yéefar yi, lépp daa dagan ci moom, moo tax boo gisee ku naan sunu Boroom da koo war muy def, lu yiw walla la gën a yiw, bu ko nangu mukk danga naan lépp lu sunu Boroom def SHWT mooy la gën a rafet, ndax loo gis ab jaam yor ko ci ag xéewal sunu Boroom SHWT moo ko ko jox ci ag

mbaaxam. Waaye loo gis mu dal ab jaam ci ay mbugal walla lu muy bañ, sunu Boroom mooy feeñal ag maandoom ci moom.

Lépp lu sunu Boroom dogal bu la neexul, ci coono ak naqar ngay dëkk, ndax lu mu bëgg mu am, kon lépp lu mu dogal na la neex. Yal nanu may lépp lu mu digle mu neex nu tey góor-góorlu ci ay ndigëlam.

Bu loolu jàllee nu ñëw ci tegtal yi lay dëgëralal, yi nu waxoon ci ay melo ci sunu Boroom SWT.

Li lay tegtal amug sunu Boroom mooy : "mbindeefam yi ngay gis, te sosuñu seen bopp, ndax bu ñu sosoon seen bopp, danañu juge ci ag dagan nekk lu war te du am lenn lu koy waral te loolu xel nanguwu ko. Te sax bindeef yi li lay xamal ne dañu leen a sos mooy yi ñuy taqool mu leen di gaar, di dem ak a ñëw, te duñu ko man a dindi, mel ni dajaloo ak teqalikoo, ak dal ak yëngatu, dangay gis ku xees, bëgg a ñuul te du man a ñuul. Gaar-gaar yooyu loo gis mu am ko xamal ne dañu koo bind. Gaar-gaar foo ko fekk ci jmm lay nekk joo xam ne daa sosu te duñu man a tuxoo ci jëmmam di dem ci jeneen jëmm, benn mu nëbb walla mu feeñ, waaye manut a boole ñaari safaan, manut a nekk nee ñu koy làmb walla di ko gis"

Liy tegtal ne sunu Boroom moo fi jiitu lépp, te dara jiituwu ko, mooy : "bu loolu amutoon fàww mu am ku ko sos kookee amaat ku ko sos, muy wéy te du am fu muy yem."

Liy tegtale ag desam fàww itam, mooy : “jiitu gi mu jiitu lépp, ndax bu nekkutoon kuy des, du man a jiitu te wax nga leegi luy tegtale ag jiitoom.”

Liy tegtale ag wuuteem mooy : “bu yemoo woon ak mbindeef day nekk ku ñu sos te wax nga leegi luy tegtale ag jiitoom, ak ug desam kon nan lay doonee ku ñu sos ?”

Liy tegtale doylug sunu Boroom mooy : “bu aajewoo woon jëm ci jëmm ju muy dugg day nekk aw melo te kon du man a amati ay melo, ndax melo manut a am ay melo.” naka noonu bu ajewoo woon jëm ci ku ko sos, kon day nekk mbindeef te wax nga leegi ne moo jiitu, moo fiy mujj, te loolu mbindeef du ko def.”

Liy tegtale wéetug sunu Boroom SHWT mooy: “ bu nekkutoon kenn, kon du man a sottal dara ndax man naa bañ a dëppoo ak keneen ka muy bokkal.”

Liy tegatale xamug Yàlla sunu Boroom ak ug dundam, ak kàttanam ak ug nammeelam, mooy bindeef yi ngay gis, ndax melo yooyu, bu ñu amutoon ci moom doo gis menn mbindeef.”

Liy tegtale déggug sunu Boroom SHWT ak ug gisam ak i waxam mooy : “ Daa wax ci Alxuraaan luy tegtale ak déggam ak ug gisam, ak i waxam. Naka noonu ñëw na ci sunnas Yónente bi (SHW) lu koy tegtale. Naka noonu woroom xam-

xam yu mag yi ñépp maase ci te bu amutoon melo yii, day tëx, gumba, luu, te ag wàññen ak ug “mànki” jomb na muy am ci sunu Boroom SHWT.”

Liy tegtale daganug mbindeef yépp ci sunu Boroom mu amal ak mu ñàkkal leen mooy : “ bu ñu daganutoon benn ñu war ko walla ñu jomb, bu ñu waroon duñu fi jugati, bu ñu jomboon duñu am.

**Bu loolu jàllee nanga xam ne Yónente yi HS, am na ñatti melo yu war ci ñoom:** “muy dëggal ak bañ a def lu haraam ak lu ñu sib ak jottali lañu leen yónni”. Am na ñatt yoo xam ne daa jomb ci ñoom: “mooy fen ak def lu haraam ak lu ñu sib ñàkk a jottali lañu leen yónni”. Loolu moo tax saa soo waxee ne ab Yónente dana weccee la ko sunu Boroom yónni woon te tay ko dëggal da koy dàq, (ndax loolu fen la) kóolute itam dana ko dàq, (ndax loolu dafa haram. Kóolute mooy ñàkk a def lu haraam ak lu ñu sib) jottali itam dana ko dàq ndax loolu du ag jottali.

Saa soo waxee ne ab Yónente dina dolli te tay ko, dëggal moo koy dàq, (ndax fen la) ak kóolute ndax lu araam la, waaye jottali du ko dàq ndax jottali na ba yokk leneen.

Saa soo waxee ab Yónente dana weccee la ko sunu Boroom waxloo wax leneen, ci ag njuumte dëggal moo koy dàq, (ndax loolu fen la) ak jottali (ndax loolu nëbb la) waaye kóolute du ko dàq ndax araamul.

Saa soo waxee ne ab Yónente dina nëbb dëgg te tay ko, kóolute moo koy dàq (ndax daa haraam). Ndax nëbb na la mu waroon a jottali waaye dëggal du ko dàq, ndax waxul dara ba muy doon dëgg walla fen.

Saa soo waxee ne dana dolli ci kaw ag njuumte, dëggal moo koy dàq (ndax fen la) waaye jottali du ko dàq ndax jotal na ba yokk ca leneen, kóolute itam du ko dàq ndax nekkul lu araam.

Saa soo waxee ne ab Yónente dina wor (dina wuute ak ndigali mel ni njaaloo walla xool jàmbur bu jigéen) kóolute moo koy dàq ndax lu haraam la waaye dëggal du ko dàq ndax du ay wax ba fen di ci am, jottali itam du ko dàq ndax du nëbb dëgg.

Saa soo waxee ne ab Yónente dana nëbb dëgg ci kaw ag njuumte, jottali moo koy dàq (ndax nëbb na) waaye dëggal du ko dàq ndax waxagul bay fen, kóolute du ko dàq ndax doonul lu araam.

Lépp loo xam ne bu dalee ab Yónente duñu ko daw, duñu ko xeeb, man na koo dal, man na koo bañ a dal. Mel ni tawati sibiru ak mar ak xiif ak sonn ak di liggéey ñu koy fay ak fàtte lu dul li leen Yàlla sunu Boroom Yónni. Waaye lu mel ni tëx walla gumba walla ndoxum siti walla gaana ak yu ni mel du leen dal. Sunu Boroom SHW da leen a teral ñu am matug xel ak matug yaram, duñu nekk ñuy sébéñ ay der walla ñuy nekk ci liggéey yu suufe.

Bu loolu jàllee kon nga war a xam ne ab Yónente màggul bay nekk Yàlla, suufewul bay mel ni nit ñi, su ko defee ñi naan sayyidinaa Hiisaa HS Yàlla la wareesu koo nangu sunu Boroom wax na leen ci Alxuraaan ne ab Yónente rekk la, maa ko yónni ni ma yónnee ñeneen. Moom ak Ndayam ñépp dañu daan jëfandiku di naan, ba tay ñi nga xam ne dañuy wax ne ab Yónente warut a nekk nit, sunu Boroom wax na leen ci Alxuraaan ne, defuma Yónente yi ñu doon ñoo xam ne duñu lekk duñu naan, ba tay ñi nga xam ne dañuy wax ci Yónente yi wax yu suufe yoo xam ne nitu kese sax da koy seexlu, wax yooyu kenn waru koy nangu, li ci ëpp firikati Alxuraaan yi ak nettalikati taarix yi ñoo koy def, topp kaw yaxub Alxuraaan rekk te fi mu ne kaw Alxuraaan boo koy topp te doo ko seet na nga ko war a waxee man na laa yóbbe ag weddi Yàlla SHW.

Lee-lee nga gis kéefar gu sababoo ci réere làmmiñu araab. Yal nanu Yàlla musal ci ag réer jubalal nu sunuy pas-pas ak sunuy jëf ak sunuy wax, ci darajay Yónente Bi SHW.

Li lay tegtal ne ab Yónente lu mu wax dëgg la mooy : bu ñu waxoon lu amul day mel ni ca ka leen yabal la juge, ndax muhjisaat yi, day taxaw taxawaayu kookee, lu mu wax dëgg la. Muhjisa mbir lay doon mu yéeme, fekk ka mu feeñ ci moom di woote ag Yónente te da koy wax laataa muy am te keneen du ko man. Li feeñ ci nit te fekkul muy woote ag Yónente, bu dee nit ku baax karaama lañu koy tudde, mel ni bari xam-xam boo jàngul, walla gisal gumba, walla xam

mbirum nit te du la ko wax ak soppiku ay jëmm. Loolu sunu Boroom da leen koy may ngir ñu gën a sax ci li ñu nekk, ci tàggat seen bakkan ak ay wird.

Naka noonu am na loo xam ne, dana am ci Yónente yi, lu ñuy tudde irhaas te mooy yu yéeme yu ñuy gis walla ñu koy xam, njëkk sunu Boroom di leen Yónni, moom it li tax sunu Boroom di leen ko wan daa bëgg saa su ñu demee bay nekk ñu muy jëflaanteel, fekk ñu tàmm lu mel noonu, loo xam ne daa wuute ak na ko Yónente bi sàkkoo itam xay na du tax mu tudd muhjisa.

Su ko defee, lu mel ni "karaama" ak "irhaas" man naa am ci ag sàkku walla sax sàkkuwóo ko. Waaye "muhjisa" moom sàkku manu koo maye ndax day seede ab Yónente, te ag seede bu amee te amul lenn lu ko waral, du am njariñ.

Li tax ñu tuddee ko "muhjisa" (aji lottal) mooy : "ku dul ab Yónent du ko man." Lépp loo xam ne man naa feeñ ci ab Yónent ñu koy tuddee "muhjisa" man naa feeñ ci aw wàlliyu, ñu koy tuddee Karaama.

Su ko defee wàlliyu ak ub Yónent nag, am nañu ag wuute, ndax Yónente moom daa jomb ci moom muy def i bàkkaar, ndax sunu Boroom da koo wattu wàlliyu nag man naa juum ba def bàkkaar, loolu moo tax ab Yónent lu mu wax warees na koo gëm te am ci ag dëggu, waaye aw wàlliyu lu mu wax dagan na nga gëm ko waaye wareesu koo jéem a weddi. Yal

nanu sunu Boroom may leerug jeñ ak leerug xàjji ci darajay Yónente Bi SHW.

Liy tegtale ne ab Yónente du def lu haraam, du def lu ñu sib, mooy : “bu doon def lu haraam, walla lu ñu sib, nit ñi dañu ko ciy topp te sunu Boroom moo tere def lu haraam, ak lu ñu sib. Kon du bàyyi Yónente yi ñu koy def, ba nit ñi di leen ci topp”

Liy tegtale ne fàww ñu jotal, mooy : “bu ñu jotalutoon li ñu leen yónni, duñu nekk ay Yónente. Bu ñu leen dee topp itam ci ñàkk a jottali gi lañu leen di toppe.

Liy tegtale ne liy dal nit ñi man na leen a dal, mooy: “daa am ñu ko fekke, nettali ko ba mu agsi ci nun. Li tax sunu Boroom di leen ko teg, benn mooy bëgg a rëyal seen daraja ëllëg, walla ngir mu xamal nit ñi yoon wi ñuy jaar, walla ngir mu bëgg leen a fàtteeloo àdduna jii nga xam ne daa ñàkk solo ba laafum yoo moo ko gën a màgg fa sunu Boroom.

Te it nekkul kër gu muy faye kenn, ndax day jeex te luy jeex daanaka du dara ak lu mu bari bari. Te itam, loolu mu leen di teg, dana waral nit ñi di waaru ci ñoom, ndax ku am xel boo gisee yooyii di dal Yónente Yi HS danga daal di xam ne Sunu Boroom bëggul àdduna, danga man a mucc ci lu bari.

Mbooleem li ñu doon wax lépp nag, dugg na ci biir “Laa Ilaaha Illal Laahu Muhammdu Rasuulul Laahi Sallaalu tahaalaa halayhi bi aalihii wa sahbihi wa sallam”

**“Laa Ilaaha Illaahu” mooy** : “sunu Boroom aajewoowul jëm ci kenn, te ku ne ak lu ne aajewoo na jëm ci moom”

Saa soo tuddee doylug sunu Boroom SW dananu ci dégge ne ku jiitu la, te day des te niruwul lenn te ku taxaw ci boppam la te amul genn wàññen te day dégg di gis di wax. Ndax yii ma wax bu ko amutoon fàww mu doon kuy aajawoo ku koy mottali walla ku koy sos, walla ku muy dugg ci moom.

Te it dananu ci xame ne du jëf ngir njariñ luy dellu ci moom, ndax loolu bu amee day mel ni aajewoo na kuy amal li mu bëgg.

Naka noonu dinanu ci dégge ne bindeef yépp dañoo dagan ci moom, ndax bu ñu waroon day mel ni dana aajewoo ku koy matal.

Aajewoo gi lépp aajewoo jëm ci sunu Boroom SW dananu ci dégge ne mi ngi dund te am na kàttan, am na nammeel, am na xam-xam, ndax melo yii am gi ñu am moo tax bindeef yi am, bu ñu amutoon mbindeef du am. Bu mbindeef amul dara du aajewoo jëm ci sunu Boroom.

Naka noonu dananu ci dégge ne ku wéet la, ndax bu wéetul woon day lott, te bu lottee kenn du aajewoo jëm ci moom. Naka noonu dananu ci dégge ne bindeef yi dara jiituwu ci ndax bu amoon lu ci jiitu, du aajewoo jëm ci sunu Boroom. Naka noonu dananu ci dégge ne dara manut a def dara, sunu

Boroom kepp mooy amal, ak a sottal, ndax bu dara doon def dara, day daal di doylu ci sunu Boroom.

Kon li nga war a jàpp mooy amul lenn lu bindoo di man a sottal dara, walla sax nga naan sunu Boroom moo ko defal kàttan gu muy sottale nàngam. Ndax loolu bu amee day mel ni sunu Boroom balaa def dara fàww mu jaare ko ci dara.

képp ku jàpp ne bir yi ak yëf yi ñooy sottal ci seen maniinu bopp, ab yéefar nga, boo jàppee ne sunu Boroom moo ci def kàttan, gu muy sottale dara, ab saay - saay nga, am na ñu ne ab yéefar nga.

Saa soo nangoo "Muhammedu Rasuulul Laah" SHW sunu Boroom moo ko yónni, mel na ni gëm nga Yónente yépp HS.

Yónente Yi mat nañu ñatti téeméer ak fukk ak ñatt, am na ñu ne ñatti téeméer ak fukk ak ñent, am na ñu ne ñatti téeméer ak fukk ak juróom, mboolem ñi am xam-xamu Yónente te sunu Boroom SW Yónniwu leen ak ñi mu yónni, boo leen boolee dana mat téeméeri junni ak ñaar fukki junni ak ñenti junni. Mbooleem Yónent Yi doonuñu ay araab, juróom kepp ñoo ciy araab, muy : Huud, Ismaahiil, Saalih, Ibraahiima Muhammat SLTH.

Ki sunu Boroom di Yónni fàww góor lay doon, nit lay doon, doon gor te am xel, sunu Boroom digal ko mu wax nit ña ag bëggam.

Naka noonu kiy am xam-xamub Yónent fàww yooyu am ci moom waaye sunu Boroom da koo yónniwul. Bokk na ci li leen wuutale ba tay, ab Yónente moom day am li ñu waxoon ci ginnaaw, muy "muhjisa" te kii am xam-xamub Yónente du am "muhjisa" moo tax nga man a wax ne képp ku Yàlla sunu Boroom yónni am xam-xamub Yónente ak i sàrtam, waaye du caageene ku am xam-xamub Yónente ku ne doon na ku Yàlla sunu Boroom Yónni.

Am na Yónente yoo xam ne dañu leen a war a gëm xam itam seen i tur, te ñooy Sayyidunaa Muhammat SHW, ak Aadama, Nuuh, Huud, Idriisa, Luut, Saalih, Daawuud, Yuusuf, Yuunus, Ayyuub, Haaruun, Yahyaa, Yahxuub, Ilyaas, Alyasah, Sulkifli, Ishaaxa Ismaahiil, Ibraahiima Sakariyyaa, Suhaybu, Hiisaa, Sulaymaan, Muusaa, HSW.

Ñii la sunu Boroom Tudd ci Alxuraaan, sunu maam Aadama moo njëkk ci Yónente Yi, Sayyidunaa Muhammat moo ci mujj. SHW.

**Naka noonu Muhammat Rasuulul laah SHW Ndawul sunu Boroom la**, mel na ni gëm nga malaaka yépp, malaaka yi, ay jëmm yu sell lañu yoo xam ne dañuy man a soppiku nu mu leen neexe, duñu góor, duñu jigéen, duñu lekk, duñu naan ay jaam yu tedd lañu, ci tudd sunu Boroom SW lañuy lekke di ci naan.

Am na ci ñoo war a gëm xam seen i jëf te ñooy: “Jibriil miy dikkal Yónente Yi, ak Miikaa-iil miy wàcce taw bi ak Israafiil miy wal buftu bi, ak Hasraa-iil miy rocci ruu yi, ak Raxiib ak Hatiid ñiy bind jëfi jaam ñi, ak Munkar ak Nakiir ñiy laaj ci bàmmeel, ak Maalig miy wattu sawara yi ak Ridwaan miy wattu àjjana yi.

Su ko defee yeneen Malaaka yi bokkul ak yii, dañu leen a war a gëm waaye warul ngeen di teqale seen i jëf ak seen i tur.

Am na juroom ñatti malaaka yoo xam ne ñoo yenu haras ñoo tudd Datfayaa-il Datwayaa-il Satfayaa-il, Hatmayaa-il Kamkayaa-il, Samkayaa-il, Sasmayaa-il, Sanjayaa-il. Ku mokkal seen i tur, bala moo faatu gis këram ca àjjana.

Am na ci malaaka yoo xam ne, ci mbiri nit ñi kepp lañuy liggéey mel ni wërsëg, ag seenub dund. Am na ñoo xam ne dindi tiitaange rekk lañuy liggéeye,

Kenn ci malaaka yi du moy Yàlla sunu Boroom SW. Malaaka yi ñuy tuddee “Kuruubiyyuun” ñooy kilifay malaaka yépp, duñu jëm ci lenn lu dul sunu Boroom, yeneen malaaka yi sax dañu leen di bëgg a jege, ngir jege gu ñu jege sunu Boroom.

Malaaka yi nekk ci asamaan yi niroowuñu, yi nekk ci asamaan su njëkk si, dañoo mel ni ay nag, si ci topp dañoo mel ni ay céeli, si ci topp dañoo mel ni ay tan, sa ca topp dañoo mel ni ay fas, sa ca topp dañoo mel ni jigéeni àjjana, sa ca topp dañoo

mel ni ay nit, sa ca topp nag, malaaka yu bari lool ñoo fa nekk, xamantewuñu sax, ngir seen ug bari.

Waxtu wu ne dañuy sàbbaal sunu Boroom ci ay waxiin yu wuute.

Am na ci malaaka yi ñu ñuy tuddee “almuhaqibaatu” ñooy malaaka yiy wàcce barke, am na ci ku tudd hëeruut, ak ku tudd maaruut, yal nanu sunu Boroom may ag njub ak mujj gu rafet ci seen daraja ci barkeb Yónente Bi SHW.

**Naka noonu boo gëmee Muhammadu Rasuulul laal ndawul sunu Boroom SHW gëm nga mboolem téere yi**, li tax ñu naan téerey asamaan nag, moo di dañoo juge ci asamaan, su ko defee li nekk ci téere yi dañuy tegtale waxi sunu Boroom, am na ci téere yi loo xam ne ci ay àlliwo la daan wàcc. Am na loo xam ne sayyidunaa Jibriil moo ko wax ci làmmiñam.

Téere yi mat nañu téeméer ak ñenti téere, sunu maam Aadam HS fukki téere wàcc na ci moom, Siisa doomam juróom fukki téere wàcc na ci moom, Idriis fanweeri téere wàcc na ci moom, sunu Maam Ibraahiima fukki téere wàcc na ci moom, Tawreet ci Muusaa la wàcc, Injiil ci Hiisaa la wàcc, Sabuur ci Daawuuda la wàcc, Alxuraaan ci Sayyidunaa Muhammat SHW la wàcc.

Su ko defee ñenti téere yii ma mujj a tudd dañu leen a war a xàmmee bu baax, moo tax ma tudd leen yeneen ya ca des nag warul ngay xam seen i tur.

**Naka noonu boo gëmee Muhammadu Rasuulul Laah ndawul sunu Boroom la SHW, gëm nga bis pénci ak mbooleem la ñu fay wax**, dale ko ci dekki ga, ak tiit yooya ñu fay wax, ak peese jëf ya ak hisaab ak dajaloo ga ñuy dajaloo fi benn barab ak tiyaaba ja fay am ak mbugal ak leer ak lëndëm ak jooy ak bég ak gàcca ak réccu ak wuute ga.

Bis boobee ca ngay gis ku jàq lool, fa ngay gis ku sunu Boroom mere lool, gis fa ku mu gërëm lool. Ñépp ñoo fay tase ñu baax ñi ak ñu bon, keroog boobee lañuy xam ne, bir yépp sunu Boroom doŋŋ a leen moom, kenn bokkul ak moom dara, bis boobee mooy dëgg-dëggi bis, deel farlu ba la moo yegsi, kon doo fa sonn.

Bari na lool lu ko sunu Boroom di tudd, loolu nag day tegtale ay tiital yu bari, loo gis mu bari ay tur dana tegtale ag màggam. Sunu Boroom am na fu mu ko tudde ba ne "Maliki yawmid diin" maa moom bisub fay ba. Dana mat juróom fukki junniy at, mi ngi tàmbalee bu ñu walee buftu bi walub ñaareel, ba ñépp dekki. Mi ngi yem ci bu ñépp tàbbee sawara ak àjjana.

Su ko defee bis pénc dañu koo séddale ñaari xaaj bu ndaw ak bu mag, bu mag bi mooy loolu ma wax, bu ndaw bi nag saa su

nit ki di faatu fa la tàmbalee ak bu nekkee ci bàmmeelam ba keroog muy dekki.

Foofee lañu koy laaje, laaj gi mooy dañuy def ruu gi ci jëmm ji ba mu xam la mu xamoon, ñu laaj ko ci mbiri ngëm-ngëm ci Yàlla sunu Boroom ak ci Yónenteem, loolu moo tax nit ki bu faatoo ba ñu suul ko, bay dem dana dégg dàlli ña ko doon suul ni muy yëngoo.

Bu ñu koy laaj, dañu koy toogal ca digg bàmmeel ba, seen kàddu yi mel ni ag dënnu, seen gët yi mel ni ag melax, ñuy génne lu mel ni ay ferñent ci seen gémmiñ, niruwuñu jinne niruwuñu malaaka, bindeef yépp dañu leen a ragal ba ci malaaka yi ñépp dañu leen di muslu, yal na nu ci sunu Boroom musal.

(Waat naa ci sunu Boroom ku dugg ci bàmmeel lu dul ag njub du la fa jariñ. Képp ku nekk ci àdduna di dajale alal ba fàtte ëllëg tuskare nga. Ay waay ku nekk ci ay doom ak alal, ba bàyyi wird yi ! Deel jihaadante ak sa bakkan kon bu ëllëgee doo am njàqare. Bul topp bakkan bul topp saytaane, kon bu ëllëgee àjjana ju la neex ngay tànn. Deel jàng tey topp, kon danga am tuyaaba. Boo bëggee kawe, deel néewal nelaw )

Su ko defee ñaari malaaka yooyu ñépp lañuy laaj, ku lab, ak ku ñu lakk ba mu nekk ab dóom ak ku rab yi lekk. Mboolem looy dégg walla nga xam ko nanga xam ne dee moo

ko gën a metti, te mboolem lu nekk ci ginnaaw dee moo gën a metti dee.

Bokk na ci tiiti bis pénc, bu téere yi naawee, ba ñu koy tëye, ku jàpp téereem ci loxob nday-jooram, loolu mooy màndargam texeem, Sayyidunaa Homar RH moo koy njëkk a def, ku jàpp téereem ci loxob càmmooyam, loolu mooy màndargam texeedeem, ka ñuy wax Al Aswat moo koy njëkk a def, mbokkam Ibnul Aswat mooy njëkk a jàpp téereem ci nday-jooram gannaaw Sayyidunaa Homar RH.

**Boo gëmee Muhammadu Rasuulul Laah ndawul sunu Boroom la, SHW gëm nga ne Yónente yépp dañuy jotal, te duñu fen, duñu def lu araam, duñu def lu ñu sib.**

Mel na ni fii mu ne mboolem li nekkoon ci "Laa Ilaaha Illaal Laah Muhammadu Rasuulul Laah" SHW ciy pas-pas leeral naa ko.

Xay na baat boobu gàtt gi mu gàtt ba noppi làmboo li mi làmboo moo tax ñu def ko muy màndargam gëm, balaa kenn a gëm Yàlla sunu Boroom ci nun fàww mu wax baat boobu. Ku am xel nag, boo xamee loolu ba noppi dangaa war di góor-góorlu bu baax di ko tudd lu bari ba mujj boo koy tudd danga ciy xam yeneen mahnaa, nga xam ne day jaxasoo ak sa dereet bu boobaa, danga gis ci ay kéemaan loo xam ne kenn du ko man a takk. Yal na nu sunu Boroom may tawféex te may nu bu nuy génn àdduna di tudd baat bii mu doon sunu baat bu mujj.

Su ko defee foofii la téere bi yem di juróom-mbenni téeméeri way ak ñaar fukk.

Subhaana Rabbika Rabbil hissati hammaa yasifuuna wasalaamun halal mursaliin wal hamdu Lillaahi Rabbil haalamiina.

Aji-tekki ji **Sëriñ Alhaaji Mbàkke**
Aji-bind ji **Seriñ Bàlla Faali Njaay**
Aji-topp ji **Seriñ Xaliil Mbàkke Doj.**

# NJAÑSE LI

ÉDITIONS
NOURA

Téere bi di Mawaahibul Xudduus, bokk na ci téere yi gën a jafe dégg. Ndax baat boo ci gis bu ne rekk, li mu làmboo ci mahnaa ak i tegtal ci yeneen i fànni xam-xam dafay man a yaatu mel ne « théologie ». Te moo di *Théos* giy dégal Yàlla ak i meloom ya, jëm ja ak turam yu sell ya ; ak *Logos*. Deef na ko firee Kakaam (Discours) waaye *Logos* it dafay déegal itam *Esprit*.

Ba tax na Hilmul kalaam, manees na ko jàppe *science discussive*.

Ndax ku seetlu tàmbalib téere bi, Sëriñ Bi daa teel a wax mbiri xel ak i àtteem ak li muy xam. Dafay doon lu war, lu jomb mbaa lu dagan. Nga seetlu ne, bu lay tuddal melooy Yàlla yi mel ne gis, dégg, kàttan, añs, daf lay wax ni aw waxiin la. Ndax jot dëgg-dëggi Sunu Boroom, mbindeef lott na ci, ginnaaw nameelub Yàlla ak dogalam. Kon mbindéef dafay am lu mu xam ci Yàlla, am lu ko ump.

Bu dee waxtaane Yàlla bay tudd màggam gi, war na xam bu wér ne ay waxiin lay jëfandikoo. Ndax liy dëgg-dëggi màgg fa Sunu Boroom, lot na ci xam ko ci xamiinu xel. Waaye mu mel ni la xel di xam réy na lool, te doy na sëkk ci ñag sab Tawhit ci ab anam. Ndax gis nga ci biir Téere Bi, leeg-leeg, Ku Baax Ki mel ne kuy def « raisonnement par l'absurde », leeg-leeg it mu dugg ci lu nuy woowe ci *Logique* « table des vérités », ak li nuy wax « domaine de définition » ci *Mathématique* ngir leeralal la, ak def ci yaw xam-xam bu dëggar. Te yii ñu tudd, ñoom ak xel ñoo dëkk ak ngëm gu sew gu naqaree leyal rawatina bu ñu

ràññeekoo ci xelu kese. Doon ay bunt yoo xam ne nit ma na fa jaar ba doyadal Ngëm, xeeb Diine ak di ko tilimal.

Sëriñ Bi jox na fi kon, jullit bi loo xam ne bu ci teeye bu dëggar, ak di ci xalaat, kenn warta wax ba génne ko ci lu mu nekk. Daniy faral di wax jamono yi : « gaa yi dañuy nappante », kon bu kenn napp kenn !

Hilmul kalaam kon lu nuy wax la, lu nuy leeral la, lu nuy aare Tawhiit la ci lépp lu koy ruur ci ay waxiin yoy yellul mu jëm ci Yàlla ak ci Diine ji. Dees na ko ganaayo ngir waajal sa bopp ci képp kuy xeexe dolleey bakkan guy nuru xel mu sell, walla bànneex gu jiital xel, ak ci képp koo xam ne, lu nu wax lu ne, mu ni nañu ko laaj xel.

Ku doon yaatal lislaam ci ñoo xam ne xamaguñ Alxuraan walla Hadiis, man na njëkkee fii. Su xel waaro, nga doog di wax ak xol bi. Donte bu dee sunu réew yi mel ni Senegaal xol bi moo moo baaxoo waaru ba noppi, xel doo ga waaru. Te neex naa nangu. Sëriñ Bi wax na ci yeneen i bindam : « xol daal dafa mel ni ab buur ci cër yi, fu mu jéng dem, cër yi topp ci ». Lii dafay tegtal Taharuf, walla sax nga ni Tawhiit dëgg-dëgg. Te mooy géneen wàll ga, mooy lañuy jëf, mooy cafka gi. Kon man ngaa wax mooy Ihsaan gu wér, walla Tasawuuf ci gàttal.

Kon ci tënk, bu xel mi leere, te mucc li koy ayibal ci lees war a xam ci Yàlla, ak mboleem Yonent yi, Malaaka yi, Téere yi, bis

pénc ak dogal bi, bu nit ki di wax **Laa Ilaaha Illaal Laah Muhammadu Rasuulul Laah**, ag tewloom man naa yéeme loolu. Waaye kenn yemul ak ki jëf **Laa Ilaaha Illaal Laah Muhammadu Rasuulul Laah.**

Wa salaamu Aleykum wa Rahmatullah !

**Seex Faal Géy**

*Al-Habdul Xadiim, 16 Ramadan 1447 (06 mars 2026)*

## Ab yaatal

Ginnaaw bind mi man na àgg fu ne, kon nu amoon yéene yaatal liggéeyu lenn ci mbokki taalibe yi ci internet bi rawatina yi jëm ci application mobile yi. Yal na leen Yàlla fay, defal leen ngëramal Borom Tuubaa !


Mën ngeen a topp wolofali Sëriñ Mbay Jaxate, ak yeneeni wolof ci YouTube bi. Mën ngeen a tegtaloo peeñ bii.



Application mobile bii, am na solo lool ci lépp lu aju ci wird, sikar ak saytu wi. Ay lim sax dana fay am ak yeneen i mbir yu am solo.




Bii nag danga ci man a xamee lu lay njariñ ci Yoon wi, am ay jogante yu fay am, man nga ko defando ak say xarit walla sax ñoo xamul.




Bii tamit man ngeen ko Play Store ak App Store am na itam site internet. Dafay yaatal Alxuraan, Xasiida, wird ak xew-xewi yoon wi.



Fii tamit manees na fa xamee lu lay yokk xam-xam ci lislaam rawatina ci làkkub english.



Lu bari loo bëgg xam ci jàngaleem Sëriñ Abdu Rahmaan Mbàkke, di nga ko fekk ci application mobile. Moom nag android rekk la am waaye am na site web : [yoonewi.net](yoonewi.net)



Soxna su bëgg xam mbiri mbaax ak ya ca aju, ak leen ci ay jaamu Yàlaam mën na wut application mobile bii tamit.



Fii tamit ligéeyu Seex Suhaaybu Mbàkke yaatu na fi bu baax. Dees na fa dundale sa jaamu Yàlla bu wér a wér.



Kon nu teje ak sunu application mobile Al-Habdul Xadiim am na Play Store ak App Store am na site web tamit :[al-habdul-xadiim.com](http://al-habdul-xadiim.com)

